O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA`M ORTA
ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A`JINIYaZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

**Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati fakul`teti**

**Qaraqalpaq a`debiyati kafedrasi**

**4-kurs studenti**

**Berdimuratov Jetkerbaydin`**

# SH. AYAPOV LIRIKASI'NDA KO`RKEM OBRAZ JARATI'W SHEBERLIGI

## KURS JUMISI

**No`kis - 2013**

**KIRISIW……………….…………………………………………………..3**

*TIYKARG`I’ BO`LIM*

**1. ShARAPATDIN AYaPOV LIRIKALARI’NI’N` IDEYa-TEMATIKALI’Q WO`ZGEShELIKLERI………………………….8**

**2. ShARAPATDIN AYaPOV LIRIKASI’NDA KO`RKEM OBRAZ JARATI’W ShEBERLIGI…………………………………...…14**

**J U W M A Q………………………………………………………….21**

**PAYDALANI’LG`AN A`DEBIYaTLAR DIZIMI…………………24**

No`kis-2013

## Kirisiw

**Kurs jumi’si’ni’n` aktualli’g`i’:** Poeziya a`debiyatti’n` basqa janrlari’na qarag`anda turmi’stag`i’ jan`ali’qti’ tez qabi’l yetedi ha`m tez sa`wlelendiredi. Ko`rkem a`debiyatti’n` rawajlani’wi’ni’n` qay da`wirin alsan` da, sol waqi’ttag`i’ jag`dayg`a baylani’sli’ boli’p ati’rg`an waqi’yalar birinshi gezekte, birinshi ret poeziyada, a`sirese, lirikali’q poeziyada su`wretlenedi. Pu`tkil Wo`zbekstan xalqi’ 1990-ji’llarg`a kelip jan`a da`wirdi basladi’. Ko`p ji’llar boyi’ ja`miyettegi ideologiyani’, siyasatti’ tubalap qali’wshi’li’qti’, yelimizdin` sotsial-ekonomikali’q jag`daylari’ni’n` to`menlep ketiwin baspa so`zde de wo`z waqti’nda sa`wlelendirip bari’lmadi’. Wog`an jurnalistler, jazi’wshi’ ha`m shayi’rlar da wo`z waqti’nda ju`reksine almadi’. Tek g`ana yelimiz wo`z g`a`rezsizligine yeriskennen keyin g`ana wolar kewlindegi ko`p g`ana a`rmanlari’n, tilek ha`m maqsetlerin ashi’q-aydi’n ayta basladi’.

G`a`rezsizlik da`wirine kelip qaraqalpaq a`debiyati’nda da rawajlani’wdi’n` jan`a etaplari’ ju`zege keldi. A`debiyat, soni’n` ishinde lirika ja`miyetlik sanani’n` aji’ralmas bir bo`legi, woni’n` do`rendisi bolg`anli’qtan usi’ da`wirde ja`miyette ju`z bergen wo`zgerisler qaraqalpaq lirikashi’li’g`i’ni’n` rawajlani’wi’na wo`z ta`sirin tiygizbey qoymadi’. Ha`zirgi da`wirdegi a`debiyat, poeziya wo`zinin` ko`p qi’rli’ talantli’lari’ menen wo`zgeshelenip turadi’. Qaraqalpaq a`debiyati’ni’n` barli’q janrlari’ gu`llep rawajlani’p, ha`r bir janr boyi’nsha ko`plegen qa`lem terbetiwshilerine iye. Bul shayi’r ha`m jazi’wshi’lar wo`zi jasag`an zamanni’n` ji’ri’n ji’rlap kiyati’r. Bul jo`ninde belgili ilimpaz Q.Orazi’mbetov bi’lay atap ko`rsetedi: «Qaraqalpaq lirikashi’li’g`i’ wo`zinin` rawajlani’wi’nda to`mendegishe belgilerge ha`m da`stu`rlerge iye bola basladi’. Shayi’rlari’mi’zdi’n` do`retiwshiligi, belsendiligi ha`m wo`zinshelikleri arti’p bardi’. Dogmatizmnen haqi’yqatli’qti’ boyap ko`rsetiwlerden quti’li’w protsessi ken`nen yen jaydi’.» (1) Lirikali’q shi’g`armalarda ko`birek gumanistlik ko`z-qaraslar yele de ku`shlirek rawajlana basladi’. Shayi’rlari’mi’zdi’n` wo`zinshe jan`asha jol tawi’p, soqpaqlari’n gu`zar jolg`a aylandi’ri’wday mashaqatli’ jolda ti’nbay izleniwshilikleri bari’nsha teren`lesti. Tubalaw da`wirinde wo`z xalqi’ni’n` a`dewir

jog`alti’wg`a ushi’rag`an ma`deniyati’, milliy wo`zgeshelikleri, tariyxi’ yendigiden bi’lay ha`r bir jazi’wshi’ ha`m shayi’rlardi’n` basli’ so`z yetiw ob`ektine aylani’p di’qqat worayi’nda turadi’. Bul jolda a`debiyat maydani’na jan`a tolqi’nlar kirip kele basladi’. Bul shayi’rlar X.Da`wletnazarov, S.Ibragimov, Sh. Ayapov, B.Genjemuratov, K.Reymov, M.Jumanazarova, P. Mi’rzabeva G.Nurlepesova h.t.b boli’p, wolar wo`z shi’g`armalari’n ja`miyettin` yen` tiykarg`i’ biriktiriwshi ku`shi bolg`an ruwxi’y bayli’qti’, a`dep-ikramli’qti’, insanni’n` qa`lbine uyalaytug`i’n yen` jaqsi’ sezimlerdin` tiykari’nda jatatug`i’n jaqsi’li’q ha`m kerisinshe jamanli’q si’yaqli’ turmi’sli’q mashqalalardi’ teren`nen so`z yetti. Ko`p g`ana jaqsi’ shi’g`armalarda lirikali’q ha`m publitsistikali’q usi’llardi’ birlestiriw arqali’ wo`zi jasap turg`an zamanni’n` mashqalalari’na juwap izlegen, woni’n` kelip shi’g`i’w sebeplerin izlegen, ha`r ta`repleme izlenislerge, ko`rkem formag`a iye qosi’qlar do`retile basladi’. Bul pikirimizdi da`lillew ushi’n tag`i’ da usi’ da`wir lirikalari’n teren` izertlegen ilimpaz Q.Worazi’mbetovti’n` mi’na pikirlerin keltirip wo`teyik: «a`sirese, «Filosofiyali’q poeziya», «Meditativlik poeziya» dep atalatug`i’n qosi’qlar ko`plep ko`rine basladi’. Bunda 80-ji’llari’ lirikashi’li’g`i’mi’zda atlari’ ken`nen ma`lim bola baslag`an bir qansha shayi’rlari’mi’zdi’n` shi’g`armalari’nda usi’nday usi’llardi’n` basi’m boli’p ati’rg`anli’g`i’n atap wo`tiw kerek.» (2) dep ko`rsetedi.

90-ji’llari’ qaraqalpaq a`debiyati’nda yen` ko`p so`z yetilgen ekologiyali’q mashqala ha`r bir shayi’r-jazi’wshi’ni’n` do`retiwshiliginde ken`nen wori’n ali’p, bu`gingi da`wirdin` ruwxi’y kelbetin ani’q ashi’p berip woti’rdi’.

Aral ten`izinin` suwi’ tarti’li’p, ten`iz qa`ddinin` to`menlep barati’rg`anli’g`i’ sol tubalaw da`wirinde-aq belgili boli’p, woni’n` ta`biyg`i’y wortali’qtag`i’ a`hmiyeti, yeger suwi’ tarti’li’p quri’p ketse, woni’n` aqi’betinen shi’g`atug`i’n mashqalalar belgili maman qa`nigeler ta`repinen ja`miyetshilikke, basqari’w organlari’na wo`z waqti’nda-aq bildirildi. Lekin bul bildiriwler itibarg`a ali’nbadi’. Woni’ xali’qqa ja`riyalap, sheshimin izlestirmedi. Jazi’wi’shi’-shayi’rli’r tiyip-qashi’p, ti’msallap ko`rkem shi’g`armalar arqali’ ayta basladi’. Biraq, bul yele jetkiliksiz yedi. Aral ekologiyasi’ awi’ri’wi’n jasi’rg`an adamni’n`

a`shkarasi'nday boli'p, yen` keyninde pu`tkil du`n`yag`a a`shkara boli'p qaldi'. Xali'qti'n` basi'na ekologiyali'q apat awi'ri'wshi'li'q, o`liwshilik, hawa rayi'ni'n` keskin wo`zgeriwi, duzli', shan`li' hawani'n` ha`r ku`ni wolar jasap turg`an ko`k aspandi' qaplap yerkin na`pes ali'wi'na mu`mkinshilikler bermewi h.t.b. si'yaqli' mashqalalar ku`n sayi'n arti'p bardi'. Bul da`wirde xali'q penen birge jasap ati'rg`an zamanlas shayi'rlardi'n` da do`retiwshilik sezimlerine ta`sir yetti. Mine, biz joqari'da atap wo`tken sapali'q belgiler shayi'r Sharapatdin Ayapov do`retiwshiliginin` g`a`rezsizlik da`wirindegi lirikali'q shi'g`armalari'na da ta`n boli'p yesaplanadi'. Shayi'r bul da`wirde turmi's qoyi'p ati'rg`an mashqalalardi'n` tu`r ma`nisin ashi'p beriw ushi'n bir qansha lirikali'q shi'g`armalar do`retti. Sonli'qtan da biz wo`zimizdin` bul kurs jumi'si'mi'zda shayi'r do`retiwshiligin usi' da`wirdin` a`debiyati' menen ti'g`i'z baylani'sta izertlewdi maqset yettik. Wo`ytkeni, Sh. Ayapov ha`zirgi da`wir qaraqalpaq a`debiyati'ni'n` aji'ralmas bir bo`legi. Soni'n` menen birge bul da`wirde shayi'r lirikalari'nda bir qatar ideyali'q-formali'q izleniwshilikler, jan`ali'qlar ju`zege keldi. Mine, usi' jan`ali'qlarg`a ko`birek di'qqat bo`ldik. Woni'n` do`rtewshiliginin` bazi' bir jetiskenligi, obrazlar jasawdi'n` sheberligi, tematikali'q bag`darlari'n izerlew ha`m u`yreniw bu`gingi a`debiyattani'w iliminin` aktukal ma`selelerinin` biri boli'p tabi'ladi'.

**Jumi'sti'n` maqseti ha`m wazi'ypalari':** Kurs jumi'si'mi'zdi'n` maqseti sonnan ibarat, g`a`rezsizlik ji'llari'nda soni'n` ishinde qarakalpaq poeziyasi'nda qa`lem terbetip kiyati'rg`an lirik shayi'rlari'mi'zdi'n` biri Sharapatdin Ayapovti'n` lirikalari'ndag`i' ko`rkem obraz jarati'w sheberligi, obrazlar du`n`yasi', obrazlardi' jarati'wda paydalani'lg`an do`retiwshilik usi'llardi' a`debiyattani'w ilimi ko`zqarasi'nan ilimiy tiykarda bayanlawdan ibarat. Bunda biz shayi'rdi'n` ha`zirgi da`wirdegi poeziyali'q shi'g`armalari'ni'n` ideya-tematikali'q bag`daralari' haqqi'nda so`z yetemiz.

**Izertlew jumi'si'ni'n` ilimiy jan`ali'g`i':** Izertlew jumi'si'mi'zdi' ilimiy a`debiyatlardi' ha`m shayi'rdi'n` baspa so`zde ja`riyalang`an shi'g`armalari' ha`m wo`z aldi'na baspadan shi'qqan lirikali'q toplamlari'n ji'ynadi'm ha`m u`yrenip, lirikasi'ni'n` bazi' bir a`debiy-esetikali'q jan`ali'g`i' menen tani'si'p shi'g`i'wdan

basladi’m. Ilimiy izlenis bari’si’nda printsipialli’qti’, temani’ ashi’wda ilimiy tiykarlardi’ negiz yetip aldi’m.

**Izertlewdin` teoriyali’q ha`m a`meliy a`hmiyeti:** Kurs jumi’si’mi’z qaraqalpaq poeziyasi’ni’n` wo`zine ta`n milliy wo`zinsheligin ashi’wg`a Sharapatdin Ayapovti’n` lirikali’q toplamlari’ tiykari’nda so`z yetiwdi wyg`ardi’q. Biz usi’ jumi’si’mi’zda shayi’r, a`debiyatshi’ ali’m ha`m ta`jiriybeli pedagog Sharapatdin Ayapovti’n` lirikalari’n a`debiyattani’w ilimi ko`zqarasi’nan a`debiy talqi’g`a tartti’q. Biz islegen jumi’si’mi’zdi’ a`debiyattani’w iliminde ha`m barli’q ka`sip-wo`ner ha`m akademiyali’q litsey woqi’ti’wshi’lari’, mektep woqi’ti’wshi’lari’ ha`m student jaslar, shayi’rdi’n` poeziyasi’ menen qi’zi’g`i’wshi’lar teoriyali’q ha`m a`meliy jaqtan paydalansa boladi’.

**Izertlew ob`ekti ha`m predmeti:** Biz shayi’rdi’n` 1986-ji’li’ «Qaraqalpaqstan» baspasi’ ta`repinen «Qus joli’», ha`m 1988-ji’li’ usi’ baspa ta`repinen basi’lg`an «Jasli’qti’n` ha`r demi» qosi’qlar toplami’n izertlew jumi’si’mi’zdi’n` ob`ekti ha`m predmeti yetip belgilep aldi’q. Biz usi’ kurs jumi’si’mi’zda shayi’rdi’n` usi’ yeki qosi’qlar toplami’ menen g`ana sheklendik. Soni’n` menen birge shayi’rdi’n` g`a`rezsizlik ji’llari’nda baspada ja`riyalang`an qosi’qlar toplami’n ushi’ratpadi’q. Biraq baspaso`z belerinde ani’g`i’rag`i’ gazeta betlerinde qosi’qlari’ ja`riyalang`an boli’wi’ mu`mkin. Bul boyi’nsha da biz shayi’rdi’n` qosi’qlari’n «Erkin Qaraqalpaqstan», «Ustaz joli’», «Qaraqalpaqstan jaslari’», «Ka`siplik bilimlendiriw», «Qaraqalpaq universiteti» gazetalari’ni’n` 2010-2011-2012-ji’lg`i’ sanlari’n qarasti’rdi’q. Tilekke qarsi’ shayi’rdi’n` lirikalari’ baspaso`z bellerinde ushi’raspadi’. Son`g`i’ da`wirlerde qa`lemnen biraz shetlep ju`rgenligi, ali’slap barati’rg`anli’g`i’ belgili boldi’. Shayi’r tek g`ana lirikali’q qosi’qlar do`retiw menen sheklenbesten ilimiy-pedagogikali’q jumi’slar menen de shug`i’llang`an. Bul boyi’nsha oni’n` a`debiyattani’w ilimine qosqan u`lesi haqqi’nda tiykarg`a bapta toli’g`i’raq aytami’z.

**Kurs jumi’si’ni’n` teoriyali’q ha`m metodologiyali’q tiykarlari’:** Kurs jumi’si’mi’zdi’n` metodologiyali’q tiykari’ si’pati’nda yen` da`slep Wo`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan Respublikalari’ni’n` Konstitutsiyalari’na ha`m de

Wo`zbekstan Respublikasi’ Prezidenti I.A`.Ka`rimovti’n` miynetlerinde ilgeri su`rilgen pikirlerdi, Prezidentimiz ta`repinen qabi’l yetilgen Pa`rman ha`m Qararlardi’ ha`m soni’n` menen birge milliy g`a`rezsizlik ideyalogiyalari’na su`yengen halda jumi’s ali’p bardi’q. A`debiyattani’w iliminin` teoriyalari’na ha`m usi’ taraw boyi’nsha jumi’s ali’p barg`an a`debiyatshi’ ali’mlardi’n` miynetleri bizin` jumi’si’mi’zdi’n` metodologiyali’q tiykari’ boli’p xi’zmet yetti. Biz usi’ ali’mlardi’n` miynetlerinen paydalang`an halda usi’ jumi’si’mi’zdi’ jaratti’q. Kerekli jerlerinde siltemeler aldi’q. Biz aldi’n ala qaraqalpaq lirikasi’n izertlegen ali’mlardan Q. Ja`rimbetov, P. Nurjanov, Q, Worazi’mbetov, A. Dosi’mbetova, J. Sag`idullaevalarg`a wo`z minnetdarshi’li’g`i’mi’zdi’ bildiremiz.

**Kurs jumi’si’mi’z quri’li’si’:** Kurs jumi’si’mi’zdi’n` ko`lemi 25 betten ibarat boli’p Times New Roman shrfitinde 1,5 interval arali’g`i’nda terildi. Jumi’sti’n` uli’wma quri’li’si’ «Kirisiw», «Tiykarg`i’ bo`lim», «Juwmaq», «Paydalani’lg`an a`debiyatlar» bo`limlerinen ibarat. Jumi’sti’n` kirisiw bo`liminde qaraqalpaq poeziyasi’ni’n` son`g`i’ da`wirdegi jetiskenligi, janrli’q ha`m tematikali’q bag`darlari’ haqqi’nda so`z yetemiz. Jumi’sti’n` tiykarg`i’ bo`liminde shayi’rdi’n` lirikalari’ni’n` ideya-tematikali’q wo`zgeshelikleri, ko`rkemlik wo`zgeshelikleri, obraz jarati’w sheberligi ma`selelerin u`yrenemiz.

## *TIYKARG`I’ BO`LIM*

## 1. ShARAPATDIN AYaPOV LIRIKALARI’NI’N` IDEYa-TEMATIKALI’Q WO`ZGEShELIKLERI

Sharapatdin Ayapovti’n` qaraqalpaq poeziyasi’na qosqan u`lken u`leslerinin` biri - woni’n` poetikali’q shi’g`armalari’ arqali’ ko`rkem so`z o`nerimizge ruwxi’y du`n`yasi’ bay, zaman na`pesi menen jasaytug`i’n lirikali’q qaharman obrazi’ni’n` kirip keliwi boli’p tabi’ladi’. "Lirikali’q qaharman - bul lirikali’q poezziyada su`yinish-ku`yinishleri, ishki keshirmeleri, arzi’w-a`rmanlari’ sa`wlelengen adam obrazi’",- dep talqi’yi’n beriledi bizin` izertlew ob`ektimizge a`debiyatshi’ ali’mlari’mi’z ta`repinen. Ali’mlari’mi’zdi’n` tasti’yi’qlawi’nsha, lirikali’q poeziyada avtor jekke wo`zinin` woy-sezimlerin beretug`i’n ko`rkem obraz boli’p tabi’ladi’. "Tiykarg`i’ ga`p - lirikali’q qaharmanni’n` woy-sezimlerinin` juwmaqlasqan boli’wi’nda, basqalarg`a da ta`sir jasarli’q da`rejede teren` ha`m ko`rkem beriliwinde, joqari’ adamgershilik ideyalari’n tasti’yi’qlay ali’wi’nda boli’p yesaplanadi’,- dep jazg`an yedi, - wo`tken a`sirdin` yekinshi yari’mi’ndag`i’ poeziyami’zdag`i’ lirikali’q qaharman ma`selesin izertlegen ali’m K.Xudaybergenov. - Bul wori’nda lirikada ob`ektiv haqi’yqatli’qti’n` sa`wleleniwi menen shayi’rdi’n` shaxsi’y woy-sezimlerinin` beriliwi ma`selesin aralasti’ri’p jibermew kerek. Bular birin-biri biykarlaytug`i’n yaki biri-birine qarama-qarsi’ keletug`i’n ma`sele yemes, al bir-birin toli’qti’ratug`i’n, wo`z-ara birigip ketetug`i’n ma`seleler boli’p tabi’ladi’.

Ha`r qanday shi’g`armada da shayi’rdi’n` shaxsi’, woy-sezimleri beriledi ha`m bul ob`ektiv haqi’yqatli’qti’ ko`rkem shi’g`armada toli’q sa`wlelendiriwge xi’zmet yetiw formasi’ yesaplanadi’. Yag`ni’y lirikali’q qaharmanni’n` tiykari’n realli’q quraydi’ ha`m shayi’rdi’n` sub`ekti arqali’ wo`tse g`ana lirikada konkret formag`a iye boladi’".

Ali’mlari’mi’zdi’n` ko`rsetip wo`tkenindey, lirikada shayi’rdi’n` wo`z ko`kiregin ken` ashi’p taslawi’ - bul woni’n` woyi’na ne kelse soni’ ayta beriwi huqi’qi’ yemes, al woni’n` a`tirapi’ndag`i’ real turmi’sqa bolg`an ko`zqarasi’n

ko`rkem bere ali’wi’n an`latadi’. Bul ko`zqaras arqali’ berilip ati’rg`an ideyani’n` shen`beri tek avtordi’n` wo`z ko`zqarasi’n yemes, al pu`tkil xali’qti’n`, ja`miyettin` ko`zqarasi’n wo`z ishine aladi’. Sonli’qtan da lirikali’q qaharman termini shayi’r obrazi’ termininen ken` boli’p tabi’ladi’. Qosi’q jazg`an ha`r qanday adam wo`z shaxsi’yati’n sa`wlelendire almaydi’. Lirikali’q qaharmanda adamni’n` jan sezimi tuwri’dan-tuwri’ beriledi. A`debiyattani’w iliminde lirikali’q qaharman terminine jaqi’n shayi’r obrazi’ ha`m lirikali’q personaj terminleri qollani’ladi’. "Lirika - adamni’n` jan du`n`yasi’ni’n`, woy-seziminin` ruwxi’y bayli’g`i’n, jetilisken ma`writlerin beretug`i’n bolg`anli’qtan, ha`r bir shayi’rdi’n` adam ju`regine kirip baratug`i’n qa`demi quwatlawg`a turarli’q, woni’n` biypa`rwa, salqi’n ko`zqarasi’ lirikag`a pu`tkilley jat. Lirikada shayi’r wo`z ko`kiregin ayqara ashi’p taslasa g`ana woni’n` shaxsi’yati’ (yeger wol bay shaxsi’yat - lichnost` - bolsa) qosi’qlari’nda toli’q sa`wlelense g`ana, wol xali’qti’n` jan sezimi menen jasasa ha`m buni’ ko`rkem bere alsa g`ana, ken` woqi’wshi’lar jurtshi’li’g`i’ni’n` ju`regine jol tawi’p bara aladi’".

Qaraqalpaq poeziyasi’nda wo`zinshe jol tawi’p kete alg`an lirik shayi’rlardi’n` biri Sharapatdin Ayapov boldi’. Wol tek g`ana qosi’qlar do`retip qalmastan ilimiy-pedagogikali’q jumi’slardi’ qosa ali’p bari’p ati’r. Woni’n` avtorli’g`i’nda biz tek yeki g`ana lirikali’q toplamlari’n ushi’ratti’q. Shayi’rdi’n` 1986-ji’li’ «Qaraqalpaqstan» baspasi’ ta`repinen «Qus joli’» dep atalg`an birinshi qosi’qlar toplami’ ja`riyalandi’. Toplamni’n` ko`lemi 71 bet, 2,25 baspa tabaq, 3000 nusqadan ibarat boli’p, shayi’rdi’n` tu`rli ji’llarda jazi’lg`an qosi’qlari’ yengizilgen. Qosi’qlari’ni’n` tematikasi’ ha`r qi’yli’ ra`n`be-ra`n` boli’p Watan, muhabbat, sag`i’ni’sh temalari’n wo`z ishine qamti’g`an a`debiy ko`rkem-esetikali’q talaplari’na juwap bere alatug`i’n, shayi’rdi’n` ju`reginen quyi’li’p kelgen yen` birinshi tun`g`i’sh a`debiy miyneti boli’p tabi’ladi’. Shayi’rdi’n` yekinshi qosi’qlar toplami’ 1988-ji’li’ usi’ baspa ta`repinen basi’lg`an «Jasli’qti’n` ha`r demi» degen at penen ja`riyalandi’. Bul kitapti’n` uli’wma ko`lemi 61 bet, 2,0 baspa tabaq, 2000 nusqadan ibarat boldi’.

Shayi’r Sh. Ayapov qosi’qlar jazi’wi’ menen birge filologiya ilimlerinin` bazi’ bir ma`seleleri menen de shug`i’llandi’. Woni’n` avtorli’g`i’nda bir neshe ret baspaso`z betlerinde ilimiy maqalari’ ja`riyalandi’. Wol a`debiyatshi’ ilimpaz si’pati’nda baspaso`z ha`m ilimiy akademiyali’q jurnallarda «Jazi’wshi’ publitsistikasi’ni’n` na`tiyjeligi (O. A`bdiraxmanov shi’g`armalari’ haqqi’nda) // «Qaraqalpaqstan jaslari’», 2003, 20-fevral`», «Jazi’wshi’ publitsistikasi’nda ko`rkem shi’nli’q ha`m ko`rkem fantaziya» // «Ustaz joli’», 2003, 17-aprel`», «Ha`zirgi qaraqalpaq publitsistikali’q lirikasi’n izertlewdin` ilimiy-teoriyali’q ma`seleleri. // Wo`zRIAQQB «Xabarshi’», 2007, №2.», «Ibrohim Yusupov ijodida publitsistik ohanglar. // Wzbek tili va adabiyoti», 2008, №1», «Publitsistikali’q lirikani’ izertlew - da`wir talabi’. // «A`miwda`r`ya» 2008, №2.», «Sh. Seytovti’n` publitsistikali’q poeziyasi’nda lirikali’q qaharman ha`m woni’n` ruwxi’y du`n`yasi’. // Wo`zRIAQQB «Xabarshi’», 2009, №1», «Publitsistikali’q lirikada lirikali’q qaharman (T. Sa`rsenbaev shi’g`armalari’ mi’sali’nda) // «A`miwda`r`ya» 2009. №2.», «Mustaqillik davridagi qoraqalpoq publitsistik lirikasi. Filol. Fan. Nomz. ….dis. Aftoreferat, Nukus, 2010» miynetlerin ken` ja`miyetshilike ham woqi’wshi’lar qa`wimine usi’ndi’.

Ha`r bir da`wir turmi’sti’n` barli’q tarawlari’na yengizip turatug`i’n jan`ali’qlari’nday-aq a`debiyatqa da jan`a si’patlardi’ ali’p keledi ha`m woni’ bayi’ti’p woti’radi’. Ha`zirgi da`wirdegi do`retilip ati’rg`an ko`rkem shi’g`armalarda ideyali’q-tematikali’q jaqtan usi’ jan`a si’patlardi’ ayqi’n ko`remiz. Sebebi, lirika waqi’tti’n` jan`ali’qlari’n tez sa`wlelendiriwi menen aji’rali’p turadi’. A`debiyati’mi’zdag`i’ jan`a si’patlar birinshi gezekte lirikada wo`z sa`wlesin tabatug`i’nli’g`i’ ta`biyiy na`rse. Al woqi’wshi’ni’n` ju`regin terbetpeytug`i’n, wonda sezim woyatpaytug`i’n, wo`mir poeziyasi’n teren` sezbey turi’p jazi’lg`an qosi’qlar a`debiyat saqnasi’nan tu`sip qaladi’. Sonli’qtan ha`r qanday shayi’r woqi’wshi’ ju`reginde ma`n`gi qali’wi’ ushi’n a`hmiyetli tema ha`m joqari’ ideya tabi’wi’ tiyis.

A`debiyatti’n` ideyali’li’g`i’ - ko`rkem shi’g`armani’n` belgili bir ideyali’q mazmung`a, bag`darg`a quri’li’wi’. Ko`rkem shi’g`armani’n` ideyasi’ jazi’wshi’

sa`wlelendirip ati’rg`an temani’n` ja`miyetlik salmag`i’na baylani’sli’ boladi’. Usi’ bag`dardan qarasaq shayi’r Sh. Ayapov poeziyasi’ zamanlas shayi’rlari’ K.Karimov, O.Sa`tbaev, T. Masharipova, A`.Wo`tepbergenov, A. Wo`teniyazova h.t.b. lirikalari’nan wo`zinin` tematikasi’, ideyali’q bag`dari’ menen tikkeley aji’rali’p turadi’. Shayi’r poeziyasi’ni’n` tematikasi’ ken`, mazmuni’ teren`. Di’qqat bo`lip qarasaq shayi’r tuwi’lg`an jer, Watan, peyzaj, muhabbat, adamgershilik, dosli’q h.t.b. temalarda ha`r ta`repleme qosi’qlar do`retken.

Sh. Ayapovti’n` bir qatar qosi’qlari’ tuwi’lg`an jer kelbetin ji’rlaw, woni’n` menen maqtani’w, wo`mirdin` wo`zi usi’ tuwi’lg`an jer topi’rag`i’nan baslani’wi’n wo`zinshe ji’rlawg`a qarati’lg`an. Mi’sali’, tuwi’lg`an jer tuyg`i’lari’ qosi’g`i’nda:

**Bul topi’raqta ko`z jari’p,**
**Urqan atqan maysaday,**
**Tuwi’li’p wo`skenler bar,**
**Wo`miri misli nayzag`ay.**
**Tuwi’lg`an jer tu`nlerimde,**
**Urlatti’m men Ay-juldi’zg`a,**
**Shadli’ wo`tken demlerimnin`,**
**Yesap-shoti’n bildim qi’sqa.** *(Sh. Ayapov, Jasli’qti’n` ha`r demi «Qaraqalpaqstan», 1988, 6-bet)*

- dep tuwi’lg`an jer wo`zgesheligin, wog`an degen ha`r birewdin` mehri-muhabbati’n ji’rlaydi’. Woni’n` i’ssi’ qushag`i’nan ketsen` da`rhal, sag`i’ni’sh sezimi woyanatug`i’ni’n bildirse

**Watan muhaddes tu`sinik,**
**Ha`m sezinip, ha`m ug`arman,**
**Juwsan iyisi taralar,**
**Na`wba`harde Qusqanadan,**
**Bul yel u`stinen jol berer,**
**Qaytsan` qazaq ayag`i’nan,**
**Zayi’r, Go`ne Qarao`zek dep,**
**Ati’ keshken Shaxaman bul,**
**A`ziz janlar, menin` ha`m bul,**
**Boz wordali’ bosag`amdur. (Sonda)**

Ko`rip turg`ani’mi’zday du`n`yani’ gezsen`de, qanshama da`r`ya-ko`llerden assan`da, ne bir a`jayi’p bag`-baqshalarg`a barsan`da, qa`dirli ma`kan, tuwi’lg`an jer yekenin uli’g`laydi’. Ha`tteki, ja`nnet bag`i’, shiyrin bulaq suwi’ da hesh

kimnin` ana topi’rag`i’na jetpeytug`i’ni’n yeskertedi. Ha`r kimge tuwg`an jeri - mi’si’r sha`ha`ri - deydi xalqi’mi’z. Sonli’qtan ha`r birewge wo`z tuwi’lg`an topi’rag`i’ i’ssi’q, kelbeti i’ssi’q yekenin, a`sirese wo`zgeshe boyawlar sol ma`kanda si’yaqli’ seziletug`i’ni’n shayi’r ken` si’patlaydi’. Wo`z ma`kani’nan shi’qqan ha`r qanday talant iyesi de ulli’ maqtani’sh yekenin bildiredi. Demek bul qosi’q toli’g`i’ menen shayi’rdi’n` tuwi’lg`an jerge degen sezimlerin, woni’n` mehr-muhabbati’n ko`remiz.

A`debiyat maydani’ndag`i’ yen` a`hmiyetli mashqalalardi’n` biri bul-ja`miyetlik turmi’stag`i’ toli’p ati’rg`an ha`diyselerden da`wir talabi’na say tema tan`lay biliw - degen yedi belgili a`debiyatshi’ si’nshi’ ali’m P.Nurjanov. Solay yeken tema tan`lay biliw-bul shayi’rdi’n` u`lken sheberligi. Biz, shayi’r Sh. Ayapovti’n` qosi’qlari’na ko`z juwi’rtar yekenbiz, wonda bir neshe tematikalardi’ ko`remiz. Solardan ekologiya temasi’nda ta`biyati’mi’z ko`rinisi ayri’qsha Aral ekologiyasi’ temasi’ tiykarg`i’ wori’ndi’ iyeleydi.

Aral mashqalasi’ - bul bizin` ja`miyetimiz tariyxi’nda «Tubalawshi’li’q da`wiri» dep atalg`an waqi’tta payda boldi’. Bul mashqala ja`miyet penen ta`biyatti’n` rawajlani’w ni’zamli’li’g`i’n tu`sinbewshiliktin` na`tiyjesi.Tubalawshi’li’q da`wirinde adamzatti’n` woylawi’nda psixologiyasi’nda bir ta`replemelik kelip shi’qti’. Adamlar wo`zlerinin` asi’rawshi’si’ - Aral ten`izi itibarsi’zli’qti’n` saldari’nan quri’y basladi’, buni’n` sebebi, A`miwda`r`ya ha`m Si’rda`r`yani’n` suwi’ni’n` i’si’rapkershilik penen paydalani’wdi’n` na`tiyjesi yekenligin ha`mme biledi. Ta`biyatti’ qorg`aw mashqalasi’n wo`z waqti’nda ko`terip shi’qqan adamlarda boldi’, biraq wolardi’n` a`diwli isi, woy sezimleri birden yesapqa ali’nbadi’. Buni’ biz tikkeley ekologiya mashqalasi’na arnap jazi’lg`an ko`rkem do`retpelerdin` ta`g`dirinende ko`riwimizge boladi’. Shayi’r Sh. Ayapovta belgili da`rejede Aral ta`g`diyrine baylani’sli’ qosi’qlari’ menen Aral mashqalasi’n oni’n` awi’r aqi’betlerin ko`terip shi’qti’. Ma`selen, shayi’rdi’n` «Axillestin` wo`kshesi – Aral» qosi’g`i’ bizin` di’qqati’mi’zdi’ wo`zine tartti’. Onda shayi’r Aral ten`izinin` quri’p ketiw sebebi, sebepshileri, shayi’rdi’n` hujdan

azabi'nda qi'ynali'wi' h.t. basqa ma`seleler berilgen. Aral ten`izinin` quri'p qali'wi'na shayi'r qatti' qi'ynaladi', ayrali'q seziminde qi'ynaladi'.

Mi'sali':

**Da`rtimdi menin` –**
**Da`stani'm – da`r`yam joyadi',**
**A`psana yemes,**
**Yertek te yemes buldag`i',**
**Tarti'lg`an Jayhun –**
**Woqjaydi'n` wog`i' mi'sali',**
**A`lqi'ssa usi' azardan,**
**Jer – Anna ta`ni jarali',**
**Wo`kshe dep qaran` Aralg`a. (Sonda)**

Shayi'r poeziyasi'ndi' joqari' adamgershilik temasi' aqi'l-na`siyat qosi'qlari'nda sheber ji'rlang`an. Woni'n` bul temadag`i' qosi'qlari'ni'n` astari'nda filosofiyali'q woy-pikir de ja`mlengen. A`lbette bul qosi'qlardi' da`slep woqi'g`anda tu`siniksizdey ko`rinedi. Biraqta qosi'qti' jaqsi'lap tu`sinsek wondag`i' u`lken sheberlikti seziwge boladi'. Shayi'r qosi'qlari'n woqi'p woti'rsaq woni'n` do`retiwshiligindegi bunnan da basqa tematikali'q wo`zgesheliklerdi ko`riwimizge boladi'. Soni'n` menen birge shayi'r lirikasi'nda ayrali'q temasi', jasli'qti' ku`sew, balali'qti' ku`sew, anani' sag`i'ni'p qumsaw, tuwg`an jerdi sag`i'ni'p qumsaw ko`rinislerinde ko`rinedi. Jasli'qti' ko`sew, yag`ni'y jasli'qti'n` yen` ilahiy bayli'g`i' yesaplang`an muxabbat sag`i'ni'shi', su`ygen yeki jasti'n` ta`g`dir me bul, duz nesipe ya, bir-biri menen qosi'la almawi' ayrali'q temasi' so`z etiledi.Waqi't wo`tkeni menen muhabbat wo`lmeydi, wol ma`n`gi qaladi', lekin ha`r bir adam wo`z joli', wo`z ta`g`diri menen ketedi deydi.

Uli'wma shayi'rdi'n` ha`r qi'yli' tematikadag`i' qosi'qlari'nda qurg`aq shawqi'm, ku`ydim jandi'm si'yaqli' bazi'-bir qatarlar ushi'raspaydi'. Al, kerisinshe a`piwayi' muhabbat sezimi sag`i'ni'sh, wo`tkinshi jasli'q da`wir haqqi'nda so`z yetilgenin ko`remiz.

# 2. ShARAPATDIN AYaPOV LIRIKASI’NDA KO`RKEM OBRAZ JARATI’W ShEBERLIGI

«Lirikani’n` ideyali’q ha`m ko`rkemlik da`rejesin ani’qlaw lirikali’q qaharmanni’n` haqi’yqat kelbetin ko`rsete aladi’,» - dep jazg`an yedi K.Xudaybergenov. Sebebi, ko`rkem obrazdi’n` shi’g`armadag`i’ mazmun menen formani’ baylani’sti’ri’p turi’wshi’ halqa yekenligi belgili. Lirikali’q qaharman ob`ektiv ha`m sub`ektiv elementtin` birliginen ibarat boli’p, woni’n` obrazi’nda da`wirdin`, xali’qti’n` ruwxi’ ha`m shayi’rdi’n` ruwxi’y du`n`yasi’ni’n` bayli’g`i’, wo`zinsheligi bir-birinen aji’ralmas tu`rde ja`mlengen boladi’. Ideyani’n`, woy-sezimlerdin` tipiklgi, lirikali’q qaharman obrazi’ni’n` tipikligin, qunli’li’g`i’n ta`miyinleydi. Lirikali’q qaharman bir waqi’tti’n` wo`zinde da`wirdin` ha`m shayi’rdi’n` jemisi.

Ko`rkem obraz degende, tiykari’nan, insan obrazi’ tu`siniledi. Ideyali’q, ko`rkemlik ta`repinen jetik shi’g`armada adamlar obrazi’ arqali’ belgili bir da`wir turmi’si’, xali’q ta`g`diri haqqi’nda mag`li’wmat alami’z. Ko`rkem obraz-bul insan turmi’si’ni’n` ko`rkem sa`wlesi. «Obraz-individual` forma arqali’ turmi’sli’q ha`diyselerdi uli’wmalasti’ri’w»[1]dep jazg`an yedi - F.M.Golovenchenko.

Ko`rkem obraz jasawda adam xarakterin beriw u`lken wori’n iyeleydi. Jazi’wshi’ adam obrazi’n yamasa woni’n` daralang`an tipin jasaw ushi’n sol adamni’n` ja`miyette qa`liplesken ishki du`n`yasi’n, minez-qulqi’n ani’qlawi’ kerek. Du`n`yani’ tu`siniw ha`m woni’ ko`rkem sa`wlelendiriw a`debiyatta obraz xarakter arqali’ a`melge asi’ri’ladi’. Do`retiwshilik protsesste ko`rkem so`z sheberinin` di’qqat worayi’nda turatug`i’n tiykarg`i’ ma`sele - insanni’n` shaxs si’pati’ndag`i’ konkret wo`zgesheliklerin, individual` belgilerin ko`rsetiw boli’p yesaplanadi’. Shi’g`armada ko`rkem obrazdi’ tu`siniw «xarakter» ha`m «psixologizm» tu`sinikleri menen baylani’sli’ boladi’. Sebebi obrazdi’n`

[1]Головенченко Ф.М. Введение в литеротуроведения. М.«Высшая школа»,1964, 20-бет.

wo`mirshen`ligi woni’n` xarakteri ha`m psixologiyasi’ni’n` sheber jarati’li’wi’nan g`a`rezli boladi’.

Sh. Ayapovti’n` son`g`i’ ji’llari’ do`regen lirikali’q shi’g`armalari’ shayi’rdi’n` poeziyasi’ndag`i’ lirikali’q qaharman obrazi’n izertlewde ko`p jan`a qi’rlari’n ashi’p beredi. Bul lirikali’q qaharman obrazi’ xali’qti’n` ta`g`dirin woylaytug`i’n, woni’n` basi’ndag`i’ da`wletke su`yinip, qulpetke ku`yinetug`i’n insanni’n` ju`rek sezimleri dep ayti’wg`a boladi’. Wol xalqi’ni’n` ul-qi’zlari’ni’n` is-ha`reketlerin, xarakterin shayi’rli’q ko`kirek penen bahalaydi’. Ja`miyette boli’p ati’rg`an nasazli’qlarg`a, qa`te islerge, jaman qi’li’qlarg`a ashi’nadi’. Yeldin` balalari’n yel boli’wg`a shaqi’radi’. Shayi’rdi’n` poeziyasi’nda jarati’lg`an lirikali’q qaharman obrazi’ quramali’, bul jan du`n`yasi’ bay, zaman da`rtlerine biyparwa jasay almaytug`i’n ku`yinshek adamni’n` obrazi’. Tu`rk shayi’ri’ Nazi’m Hikmettin` «yeger men lawlap janbasam», «yeger sen lawlap janbasan`», «yeger wol lawlap janbasa», «serpiler tu`nek tu`n qashan» degen ataqli’ qatarlari’ bar. Shayi’rdi’n` lirikali’q qaharmani’, mine, usi’ taqlettegi xalqi’, watani’ ushi’n jani’ pida bolg`ansha xi’zmet yetiwge tayi’n jetik insan obrazi’. Shayi’r ko`p g`ana shi’g`armalari’na xali’q poeziyasi’ ruwxi’ndag`i’ obrazli’li’q ta`n. Rus ali’mi’ V.G.Belinskiydin` «shayi’r obraz arqali’ woylaydi’» degen itibarg`a i’layi’q pikiri bar. Obraz arqali’ shayi’r wo`zinin` tutqan bag`dari’na, alg`a qoyg`an niyetine baylani’sli’ ja`miyetlik turmi’s haqqi’ndag`i’ wo`z pikirin bildiredi. Demek, obraz - bul ko`rkem a`debiyat shi’g`armasi’nda turmi’s haqi’yqatli’g`i’n belgili bir usi’llarda sa`wlelendirgen ja`miyetlik qubi’li’slar, ta`biyiy ko`rinisler, adamlardi’n` minez-qulqi’, xarakteri. Poeziyada lirikali’q qaharmanni’n` ishki du`n`yasi’n ashi’p beriwde ko`rkem obrazlardi’n` a`hmiyeti u`lken.

Lirikali’q obraz - turmi’s shi’nli’g`i’n shayi’rdi’n` ju`rek sezimi, kewil ku`yi arqali’ su`wretlep beriwi,- delinedi S.Axmetov ha`m Q.Sultanovlardi’n` avtorli’g`i’ndag`i’ «A`debiyattani’w» sabaqli’g`i’nda. Bunda ko`birek shayi’rdi’n` wo`z obrazi’ bar yamasa wol wog`an ku`ta` jaqi’n. Demek,

shayi’rdi’n` ruwxi’y du`n`yasi’, ta`sirleri arqali’ jasalg`an lirikali’q obrazg`a ta`n. Obrazli’ so`z, obrazli’ pikir - poeziyani’n` jani’,- dep jazg`an yedi belgili ali’mi’mi’z K.Ma`mbetov.- Buni’si’z ha`r qanday qosi’qti’n` wo`zi de adamg`a ta`sir jasay almaydi’… Poeziyada obraz jasawdi’n` mu`mkinshilikleri ko`p. Woni’n` tematikasi’ni’n` wo`zi ha`r qi’yli’. Lirikali’q obrazlar ko`birek ta`biyat si’rlari’ menen baylani’sli’ boli’p kelse, ayi’ri’mlari’nda ja`miyet ha`m woni’n` keleshegi haqqi’nda da bahali’ pikirler beriledi. Obraz boli’w shi’n ta`sirli so`z, ku`shli sezim ha`m tawi’p ayti’lg`an pikirler boli’wi’ kerek. Tek sonday jag`daylarda g`ana obraz jaraladi’. Lirikali’q obraz tek lirikali’q janr qaharmanlari’ ushi’n g`ana ta`n. Ha`r qanday obrazdi’n` wo`zi de lirikali’q sezimlerden baslanadi’. Obraz belgili bir predmetti ta`riyiplew arqali’ jarati’li’wi’ mu`mkin.»

A`debiyatshi’ Q.Orazi’mbetovti’n` miynetinde jan`a da`wirdegi poeziyami’z ushi’n shayi’rlardi’n` wo`z pikirlerin obrazli’ yetip jetkeriw ushi’n metaforali’q su`wretlew formasi’nan, simvolli’q obraz jarati’w usi’li’nan ko`p paydalang`anli’g`i’n ko`rsetip wo`tedi. Simvolli’q obraz jarati’w shayi’rlar ta`repinen wo`z pikirin beriwde jan`a forma islew payti’nda ju`zege keledi. Bunday shi’g`armalarda simvolli’q obrazdi’ yamasa woni’ payda yetiwshi predmetti, wonnan kelip shi’g`atug`i’n ma`nis penen almasti’ri’wg`a bolmaydi’. Simvolli’q obraz jarati’w menen shayi’r wo`zinin` aytajaq pikirine ayri’qsha ma`ni beriw, wog`an ayri’qsha salmaq taslaw ushi’n belgili bir predmetlerdi, detallardi’ tan`laydi’. Woni’n` tan`lag`an predmeti shayi’rdi’n` aytajaq pikirine si’rtqi’ formasi’ boyi’nsha da, ishki mazmuni’ boyi’nsha da jaqi’n keledi. A`debiy shi’g`armadag`i’ ko`rkem obrazlardi’ do`retiwdin` birden-bir qurali’ tildegi so`zler boli’p tabi’ladi’. Poetikali’q til - bul tek ko`rkem shi’g`armalardi’n` tili boli’p sanaladi’. Bunda belgili maqsetke qarati’lg`an, waqi’yalarg`a jasi’ri’ni’p turg`an, da`wirdin` sotsialli’q mazmuni’n ashi’p beriwge arnalg`an, adam wo`mirinin` kartinasi’n do`retken so`zler boladi’. Poetikali’q til wo`zinin` negizin uli’wma xali’qli’q so`ylew tilinen ali’wshi’, woni’n` normalari’n wo`zinde ja`mlestirgen til boladi’. Sonli’qtan poetikali’q tildin` bir wo`zgesheligi, adamlardi’n` turmi’si’nda

boli’p ati’rg`an waqi’yalardi’n` sotsialli’q mazmuni’n ashi’p beriwge qarati’lg`an boladi’, shi’g`armani’n` ideyasi’n ani’qlaydi’, ideyag`a baylani’sli’ til forma boladi’, al xarakterdin` ashi’li’wi’na baylani’sli’ mazmun boladi’. Yekinshiden, poetikali’q tildin` wo`zinsheligi - shayi’rdi’n` woylari’n, sezimlerin su`wretlew qurali’ boli’p tabi’ladi’. Usi’ yeki wo`zinshelik poetikali’q tildin` si’patli’q belgileri.

Biz Sh. Ayapovdi’n` shi’g`armalari’nda xali’qti’n` bay tilinin` sheberlik penen isletiliwin ko`remiz. Shayi’r wo`zi berejaq ideyani’ toli’q ali’p shi’g`atug`i’n so`zlerdi tan`lap biledi. Shayi’r watanshi’lli’q ruwxi’ndag`i’ qosi’qlari’nda xallqi’mi’zdi’n` ha`siretli wo`tmishi tuwrali’ tolg`anadi’. Sahralar - mi’n` o`rkeshli tu`yelerge megzetiledi. Xalqi’mi’zdi’n` wo`tmishi sahrada ko`milip qalg`an hasi’l g`a`ziyne toli’ sandi’qlar yan`li’. Shati’rash (shaxmat) woyi’ni’ni’n` ju`risleri si’yaqli’ shi’m-shi’ti’ri’q waqi’yalar...

**Bul xali’qti’n` kewili da`r`ya,**
**Bul u`lkenin` diydari’ Quyash,**
**Bul yelatti’n` hawasi’ shi’pa,**
**Bul topi’raqta urqan atar qus.**
**Bul xali’qti’n` wo`tmishi uzaq,**
**Yenesayg`a woyi’lg`an da`stan,**
**Jawi’ menen shayday ayqasqan,**
**Ata tegi massagetu – saq,**
**Sabi’r-taqat ti’msali’ Shi’raq,**
**Ayaqlari’ tu`ngi juldi’zlar,**
**Bul xali’qti’n` qollari’ daraq,**
**U`mitleri Nawri’z, aqsha qar.**

Bul qosi’qlarda biz obrazli’li’qti’ da, til sheberligin de ko`remiz. Ko`rkem a`debiyat so`z o`neri arqali’ jasaladi’. Mine, usi’ jag`i’nan poeziya ko`rkem wo`nerdin` basqa tu`rlerinen ayi’ri’mlani’p turadi’. Shayi’r obraz arqali’ woylaydi’. A`lbette, a`debiy shi’g`armalarg`a ta`n bolg`an ko`rkemlik g`ana

woni'n` barli'q si'pati'n belgiley almaydi', al wog`an ideyali'q da`reje menen turmi's shi'nli'g`i', ayqi'n shayi'rli'q pozitsiya kerek. Mine, bular barli'g`i' sa`ykes kelgen jag`dayda g`ana shi'g`armani'n` ko`rkemligi tuwrali' pikir ju`ritiwge boladi'. Shi'g`armani'n` ko`rkemligine woni'n` ideyali'q mazmuni'ni'n` beriliwinen baslap, syujet quri'w, obraz jasaw, personajlardi'n` adam xarakterin ashi'w, waqi'yalardi' baylani'sti'ri'w, til sheberlegi ha`m tag`i' basqalar kiredi. Shi'g`armani'n` ishinde su`wretlengen ob`ekti woqi'wshi'ni'n` yadi'nda qali'wi' ushi'n shayi'r ko`rkem so`z nag`i'shi'n qollanadi'. Ko`rkemlik a`debiyatti'n` tiykarg`i' si'pati' bolsa, wol ko`rkemlik obrazli' so`zlerdin` ja`rdemi menen ta`miyinlenedi. Shayi'r konkret obrazli' so`zlerdin` ja`rdemi menen su`wretlep woti'rg`an ha`diyseni yamasa qubi'li'sti' wo`z woqi'wshi'si'ni'n` yadi'nda bekkem wornalasti'radi'. Til shayi'rdi'n` woy-pikirleri menen sezimlerinin` si'rtqa shi'qqan ko`rinisi. Shayi'r wo`zine kerekli so`zlerdi aldi' buri'n izlemeydi, al so`z woy-pikir ha`m sezimlerge baylani'sli' keledi. A`debiyat so`z arqali' adamlardi'n` janli' obrazlari'n do`retedi, wolardi'n` wo`z-ara mu`na`sibetlerin ko`z aldi'mi'zg`a yelesletedi.

Tildin` ko`rkemligin ta`miyinleytug`i'n elementleri bar. Wolar ten`ew epitet, metafora ha`m tag`i' basqalar. Shayi'rdi'n` shi'g`armalari'nda bul su`wretlew qurallari' wori'nli', uti'ri'nda isletiledi. Mine, usi'nday poetikali'q sheberlik penen do`retilgen Sh. Ayapovti'n` lirikali'q shi'g`armalari' xalqi'mi'zdi'n` ruwxi'na jaqi'nli'g`i' menen aji'rali'p turadi'. Ha`r qanday a`debiy shi'g`arma xali'q ruwxi' menen baylani'sli' bolg`an jag`dayda g`ana, woni'n` ta`lim-ta`rbiyali'q a`hmiyeti tuwrali' so`z yetiwge boladi'.

Poeziya -o`mirden tuwadi'. Wo`mirden tuwg`an poeziyada wo`mirshen` boladi'. Buni' turmi's ko`rsetedi. Soni'n` ushi'n turmi'sti' u`yreniw shayi'r ushi'n sha`rt. Shayi'r wo`z zamanlaslari'ni'n` sezimin, woyi'n, ha`reketin ko`birek su`wretlew kerek. Sonda g`ana wol woqi'wshi'ni'n` yadi'nda qaladi', wog`an ta`sir yetedi. Bul wo`z gezeginde sezimge toli' woyshi'l poeziyani' ko`birek jazi'wdi' talap yetedi. Poeziya tek sezimin` du`n`yasi' yemes, wol woydi'n` da du`n`yasi'. Sonli'qtan wol ku`ldiredi, mi'yi'g`i'n`di' tartti'radi', woylandi'radi',

qi’ylandi’radi’, ha`tteki ji’latadi’ da. Shayi’r shi’g`armalari’nda basi’nan keshirmelerin, wo`mirden, turmi’stan tu`ygenlerin jazadi’. Woni’n` turmi’s ta`jiriybesi qansha bay bolsa, a`lbette bug`an qosi’msha bilimde kerek, wog`an tag`i’ talant qosi’lsa. Wol so`z joq ko`rkem shi’g`arma do`rete aladi’.

Ko`rkem shi’g`armani’n` publitsistikali’q shi’g`armalardan, ko`rkem tildin` a`piwayi’ so`ylew tilinen ayi’rmashi’li’g`i’ sonda, wolar obrazli’li’qti’ su`yedi. Sonli’qtanda ko`rkem shi’g`armada ko`rkemlew qurallari’ ha`m ko`rkemlew usi’llari’ qollani’ladi’ ha`m wolar ko`pshilik jag`dayda awi’spali’ ma`nisti keltirip shi’g`aradi’. Ko`rkem shi’g`armani’ do`retiw ushi’n shayi’r ko`rkem tilden paydalanadi’. Ko`rkem til-tu`siniklerdi, woy-pikirlerdi, ha`r qi’yli’ mag`li’wmatlardi’, faktlerdi ko`rkem obraz tiykari’nda su`wretlep beredi. Yegerde shi’g`armada ko`rkem obraz ko`binese, ko`rkem til ha`lsiz bolsa, wonda bul ko`rkem shi’g`arma bolmay qaladi’. Ko`rkem obraz jasaw ushi’n shayi’r leksikali’q elementlerden (ko`rkem leksika) mol paydalani’wi’ tiyis.

Ha`r bir shayi’rdi’n` wo`zine ta`n shayi’rli’q stili, ko`rkem so`z do`retiw usi’llari’ bar. Biz so`z etip ati’rg`an Sh. Ayapovti’n` hesh kimge usamag`an wo`zine ta`n uslubi’ bar. Wol shi’g`armalari’n wo`mirden, turmi’stan ali’p jazadi’. Wol haqi’yqatli’q, a`dillik ji’rshi’si’. Woni’n` ha`r bir qosi’g`i’ wo`mirden woyi’p alg`anday, woni’n` ha`r bir qosi’g`i’nda poeziya bar. Shayi’r qosi’qlari’nda aytayi’n degen pikirin naq aytadi’, shubati’ldi’ri’p, ma`nisin qashi’rti’p woti’rmaydi’, ko`rkem so`zden sheber paydalanadi’. Woni’n` ha`r bir qosi’g`i’ woqi’wshi’g`a woy saladi’. Turmi’sta sheber su`wretleydi, wo`zinin` woyi’ndag`i’ni’ da`l tawi’p aytadi’. Sonli’qtan woni’ qayta-qayta woqi’g`i’n` keledi, woqi’g`an sayi’n poeziya bolg`an qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’nda arti’p baradi’.

Shayi’rdi’n` qosi’qlari’ hesh kimge uqsamaydi’. Wol a`piwayi’ na`rseden- aq, poeziya do`retedi. Woni’n` qaysi’ bir qosi’g`i’n woqi’saqta, woni’n` ko`rkem jazi’lg`anli’g`i’n, mazmuni’ni’n` jan`a ha`m teren` yekenligin ani’qlaymi’z. Shayi’rdi’n` sheberligi obraz do`retiwde ayri’qsha ko`zge tu`sedi. Bunda wol tildin` su`wretlew usi’llari’ ha`m ko`rkemlew qurallari’ bolg`an metafora, metonomiya, epitet, ten`ew, ironiya, sarkazm, sinekdoxa, giperbola, litota,

parallelizm, allegoriya, antiteza, ritorikali’q soraw, ritorikali’q qaratpa, inversiya, anafora ha`m tag`i’ basqalardan ken`nen paydalang`an.

Qosi’qti’ qosi’q yetetug`i’n birinshi na`wbette woni’n` mazmuni’ ha`m ko`rkem jazi’li’wi’ boli’p tabi’ladi’. Qosi’qtag`i’ aytayi’n degen ideya qosi’msha teren` bolsa, woni’ avtor ko`rkem so`z benen bezey alsa, wol adamlardi’n` woyi’nda, sana seziminde saqlani’p qaladi’, wog`an ruwxi’y ku`sh bag`i’shlaydi’.

Shayi’rdi’n` qosi’qlari’da kem-kemnen wo`tkerilip, teren`lesip woti’radi’, wondag`i’ woylar, sezimler adamdi’ yeriksiz wo`zine tartadi’, jan`a ideyani’ su`wretleydi. Buni’n` ushi’n shayi’r tildin` ko`rkem su`wretlew usi’llari’nan sheber paydalanadi’.

## J U W M A Q

XX a`sirdin` son`g`i' jigirma ji'lli'g`i' qaraqalpaq lirikasi'nda jan`a forma ha`m jan`a ko`rkem mazmun salasi' ku`shli rawajlang`an da`wir boli'p yesaplanadi'. Atap aytqanda, wo`tken a`sirdin` 80-ji'llari'nan baslap a`debiy protsesste ku`shli «tolqi'n» jetilisip shi'qti'. Olar Sh.Seytov, K.Karimov, J.Izbasqanov, Sh.Ayapov, B.Genjemuratov, K Reymov qusag`an shayi'rlar yedi. Bul shayi'rlardi'n` do`retiwshiligi arqali' lirikami'zg`a jan`a ko`rkem formalar-verlibr, u`shlik (xokku), yekilikler kirip keldi ha`m wo`z aldi'na janr si'pati'nda qa`liplese basladi'. Shayi'rlardi'n` bul qosi'q formasi'n qollani'wda ha`r birine ta`n stili bar. A`debiy protsesstegi jan`a payda bolg`an bunday qubi'li's wo`z waqti'nda a`debiy si'n ta`repinen joqari' bahalandi'. Soni' da ayti'p wo`tiw kerek, bul jan`a formani' quwatlamawshi' toparlari' da bar yedi. Degen menen, bular arasi'nda verlibr formasi' wo`zinin` ko`rkemliligi, woqi'wg`a qolayli'li'g`i', shayi'rdi'n` pikirler ag`i'mi'n jetkerip beriwdegi abzalli'g`i' menen qaraqalpaq lirikasi'na tez sin`isti ha`m a`debiy do`retiwshilikte bul formani' do`retiwshiler sani' ko`beyip bardi'. Shayi'r Sh. Ayapov qaraqalpaq a`debiyati'na wo`zine ta`n stili menen kirip keldi. Shayi'r lirikalari'ni'n` ko`rkemlik, janrli'q wo`zgeshelikleri yele arnawli' tu`rde izertlengen joq. Biz bul kurs jumi'si'mi'zda shayi'rdi'n` yeki toplamg`a engizilgen shi'g`armalari'ni'n` ko`rkemlik wo`zgesheliklerin, shayi'rdi'n` do`retiwshilik izlenislerin, ko`rkem forma tabi'wdag`i' sheberliklerin u`yrene woti'ri'p to`mendegishe juwmaqqa keldik. Birinshiden, shayi'r do`retiwshiliginde ideyali'q-tematikali'q bag`dar yele de ra`n`ba`ren`lesti. Bug`an so`z yerkinligi, tema yerkinligi mu`mkinshilik ashi'p berdi. Shayi'r yen` aktual problemalardi' wo`z shi'g`armalari'na tiykar yetip aldi'. Yekinshiden, shayi'rdi'n` bul da`wirdegi lirikali'q qosi'qlari'ni'n` ko`rkem formasi', janrli'q qa`siyetleri ra`n`-ba`ren`. Shayi'rdi'n` eki qatarli' qosi'qlari' da, to`rt qatarli', bes qatarli', alti' qatarli' qosi'qlari' da, tolg`aw si'yaqli' shubi'rtpali' qatarlardan turatug`i'n qosi'qlari' da bar. U`shinshiden, shayi'rdi'n` lirikalari' da`wir problemelari'na wo`zinin` ha`zir juwapli'li'g`i' menen publitsistikali'q xarakterge iye. Wonda da`wirdin` a`hmiyetli ja`miyetlik, siyasiy, ekonomikali'q turmi'si' ko`rkem

sa`wlelengen. Sonday-aq A`miw-Aral problemasi’ ko`rkem a`debiyatta belgili da`rejede sa`wlelenip ati’rg`an mashqalalar. Ilimiy-texnikali’q rawajlani’wdi’n` na`tiyjesinde ju`zege kelgen mashqaladan ta`biyat azap shegip ati’r, pataslanbaqta. Adam ta`biyatta jaqsi’ turmi’s keshiriw ushi’n qolayli’ jag`daylar kerek. Ta`biyatqa sanali’ qatnas bolg`an jag`dayda g`ana bunday unamli’ jag`daylar saqlani’p turi’wi’ mu`mkin, soni’n` ushi’n da, ha`zirgi waqi’tta insandi’ ta`biyatqa sanali’ qatnas jasawg`a ta`rbiyalaw-bul ha`zirgi ku`nnin` yen` aktual ma`selelerinin` biri. U`lkemizdegi usi’nday ekologiyali’q jag`day pu`tkil ja`miyetshilikti, soni’n` ishinde ko`rkem so`z sheberlerinde elege deyin tolg`andi’ri’p kiyati’r. Shayi’r da bul ma`selelerdi ko`rkem do`retiwshilikte sa`wlelendiriwde wo`z aldi’na stili bar. Woni’n` tikkeley usi’ problemalarg`a arnalg`an qosi’qlari’nda lirik qaharmanni’n` ta`biyattag`i’ hu`kim su`rip ati’rg`an jag`dayg`a, duzlani’wg`a baylani’sli’ ishki tolg`ani’slari’ a`hmiyetli detallar arqali’ beriledi. Shayi’rdi’n` lirikali’q qaharmanlari’ sxematizmnen pu`tkilley awlaq, ja`miyettin`, zamani’ni’n` ta`shwishlerin, da`rtlerin wo`z boyi’na sin`irip, wolar menen gu`n`irenedi, tolg`anadi’. Bul wo`z gezeginde ko`rkem do`retiwshilikte shayi’rlardi’n` gu`yzeliske tu`sip, da`wir mashqalalari’na wo`zinshe sheshim izlep ati’rg`anli’g`i’nan derek beredi. Bunday xarakterdegi lirikali’q qaharman obrazlari’ Aral-A`miw tragediyasi’, ekologiya, xali’q turmi’si’na baylani’sli’ wo`zgerisler su`wretlenetug`i’n shi’g`armalari’na ta`n. Juwmaqlap aytqanda, shayi’rdi’n` lirikasi’ joqari’da ayti’p wo`tkenimizdey bir qansha wo`zgesheliklerge iye. Shayi’rdi’n` do`retiwshiliginde mazmung`a say ko`rkem forma tabi’wda, lirikali’q qaharman obrazi’n jarati’wda, syujet quri’wda ko`rkemlik izlenislerdi ko`riwge boladi’. Bunda shayi’r wo`z tan`basi’na iye.

## PAYDALANI’LG`AN A`DEBIYaTLAR DIZIMI


1. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ., Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги, Нөкис, «Билим», 1994 ж.

2. Ахметов С., Қарақалпақ совет поэзиясы, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988 ж.

3. Аяпов Ш. Жаслықтың ҳәр деми, «Қарақалпақстан», Нөкис-1988.

4. Аяпов Ш. Қус жолы, «Қарақалпақстан», Нөкис-1986.

5. Бабаев Т., Адабиетшунослик асослари, Тошкент, «Узбекистон», 2002.

6. Муратбаев Қ., Қарақалпақ поэзиясында қосық қурылыс, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977.

7. Нуржанов П., Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1993 ж.

8. Оразымбетов Қ., Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик, Нөкис, «Билим», 1992 ж.

9. Оразымбетов Қ., Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем форманың эволюциясы ҳәм типологиясы, Нөкис, «Билим», 2004 ж.

10. Тимофеев Л.И., Основы теории литературы, Москва, 1976.

11. Худайбергенов К., Дәўир ҳәм парыз, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987 ж.

12. Худайбергенов К., Лирика ҳәм өмир, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1971 ж.